

Abitib Ki Bon pou Sante pou yon Bèl Sourì



Bwose Dan Pitit Ou

Bwose dan pitit ou se youn nan fason prensipal ou kapab kenbe dan l yo sante. Ou ta dwe bwose dan pitit ou avèk pat dantifris ki gen fliyò de fwa pa jou pou anpeche dan l gate (twou nan dan). Kòmanse bwose dan pitit ou imedyatman premye dan l yo kòmanse parèt.



Preparasyon pou lekòl kòmanse nan sante!



Kèk konsèy pou bwose dan pitit ou:

- Bwose dan pitit ou apre li fin manje dejene epi anvan li al kouche.
- Itilize bwòs dan ki fèt pou timoun e ki mou ak pat dantifris ki gen fliyò.
 - Pou timoun ki gen mwens ke 3 lane, itilize yon ti kouch mens pat dantifris ki gen fliyò.
 - Pou timoun ki gen ant 3 ak 6 lane, itilize yon kantite pat dantifris ki gen fliyò ki menm gwosè ak yon grenn pwa vèt.
- Jèn timoun yo renmen fè afè yo poukont yo. Li bon pou yo kite timoun yo bwose dan yo pandan yon granmoun ap siveye. Men timoun ki gen mwens ke 7 oswa 8 lane poko kapab bwose dan yo byen. Yon granmoun ap bezwen bwose dan timoun nan tou.

- Jwenn yon pozisyon pitit ou alèz e ou ka wè dan pitit ou pandan w ap bwose a. Pa egzanp, chita atè a avèk tèt bebe a ou oswa jèn pitit ou a sou janm ou. Oswa kanpe deyè pitit ou devan miwa a.
- Bwose dan pitit ou dousman avèk mouvman an fòm ti won. Bwose tout pati nan dan yo, ak anndan kon deyò.
- Lè w fin bwose dan yo, mande pitit ou pou l krache pat dantifris ki rete nan bouch li a jete, men pa rense. Ti kantite pat dantifris ki rete nan bouch pitit ou a bon pou dan yo.
- Si ou gen pwoblèm pou w bwose dan pitit ou, itilize yon kwonomèt, yon jwèt ki fèt pou aprann konte, oswa yon chante pandan w ap bwose dan yo. Ou kapab mande ekip ki nan klinik dantè pitit ou a èd tou.



Itilize yon kouch mens pat dantifris pou timoun ki gen mwens ke 3 lane.



Itilize yon kantite ki menm gwosè ak yon grenn pwa vèt pou timoun ki gen ant 3 ak 6 lane.

Dokiman sa a jwenn/te jwenn sipò Administration for Children and Families (ACF) ki nan peyi Etazini, Department of Health and Human Services (HHS), nan kad èd finansye ki reprezante \$7,582,500. ACF finanse 97% nan lajan sa a, epi Health Resources Services Administration (HRSA) ki fè pati HHS nan peyi Etazini finanse lòt 3% an. Enfòmasyon yo se enfòmasyon moun ki ekri l yo e yo pa otomatikman reprezante pwennvi, ni yo pa yon apwobasyon ACF/HHS oswa Gouvènman peyi Etazini. Ou ka fè kopi dokiman sa a pou itilizasyon ki pa komèsyal san w pa bezwen pèmisyon.



ADMINISTRATION FOR
CHILDREN & FAMILIES



National Center on
Health, Behavioral Health, and Safety